Реуазты Верæйы зарæг

Даурæйы ных.




-гæн зын хæс - ты, ды уыд-тæ ныфс дæт - тæг,
уар - зон ма - дæл - тæн сæ бæс - ты 'взонг чыз-гæй дæ-
- хæ - дæг, 'взонг чыз- гæй дæ - хæ - дæг,
'взонг чыз - гæй дæ - хæ - дæг. зæр - дыл.

РЕУАЗТЫ ВЕРÆЙЫ ЗАРÆГ

Æз дæуæн дæ зæрин фæдтæ
Уардитæй æмбæрзын.
Ферох кæн хæстон бынæттæ,
Цæфты уæззау хъæрзын.
Удисæг лæгæн фыдхæсты
Ды уыдтæ ныфсдæттæг,
Уарзон мадæлтæн сæ бæсты,
'Взонг чызгæй дæхæдæг.

Кæд мыйаг сæ уды цæхæр
Бафтыдис дæ тыхыл,
Æмæ арфæйы рухс тынтæй
Стъалы ссыгъд дæ ныхыл.
Амонд нын дывæр æрхастай,
Радтай нын Къолайы,
Æмæ ныр йæ аивадæй
Иры зæрдæ райы.

Хорз æмгар æфсымæрдзинад
Бон монцыл нæ ивы
Æмæ дын дæ лæггаддзинад
Фыдыбæстæ фиды.
Дун-дунейы дидинджытæ
Байтыдтон дæ фæдыл
Æмæ дын дæ кад, дæ сурæт
Дардзыстæм нæ зæрдыл.